

# Gid pou Anplwaye Tounen Travay

Yo sipoze swiv bon jan pwotokòl pou tounen travay aprè karantèn oswa apre izòlman yon anplwaye pou diminye risk pou COVID-19 simaye nan travay la.

## **KILÈ ANPLWAYE YO DWE NAN KARANTÈN?**

Si yo te vwayaje andeyò Massachusetts nan 10 jou ki sot pase yo oswa si yo te gen kontak ak yon moun ki pozitif pou COVID-19 menm si yo pa gen sentòm epi menm si yo pa teste pozitif.

## **KILÈ ANPLWAYE YO DWE IZOLE?**

Si yo te teste pozitif pou COVID-19 OSWA si yo gen nenpòt sentòm COVID-19 (menm si yo lejè).

## **KILÈ YO KAPAB RETOUREN TRAVAY?**

Tout anplwaye ki nan izòlman oswa nan karantèn pa sipoze retounen travay amwenske yo satisfè kritè sa yo.

### **SI ANPLWAYE A TE NAN KARANTÈN**

#### **DIFÈT YO KONNEN TE GEN KONTAK**

- Aprè yo rete nan karantèn pou tan ke yo egzije a\*
- **POU TRAVAYÈ LASANTE, PREMYE SEKOURIS AK TRAVAYÈ KI NAN ENFRASTRUKTI KRITIK YO:**
  - Travayè ki nan sèten sektè gendwa kontinye travay pandan karantèn nan pou kenbe fonksyon kritik yo **SI SÈLMAN YO RETE SAN SENTÒM.**
  - Travayè yo dwe mete omwen yon pwoteksyon figi epi nenpòt PPE anplis ki apwopriye pou travay la epitou yo dwe veye si yo gen sentòm

#### **DIFÈT VWAYAJ ANDEYÒ MA**

- Rete nan karantèn pandan 10 jou\* OSWA bay yon rezilta COVID-19 ki negatif

### **SI ANPLWAYE A TE NAN IZÒLMAN**

#### **SENTÒM LEJÈ - MODERE**

- Omwen 24 èdtan san fyèv (san yo pat pran medikaman ki desanm fyèv la); epi
- Omwen 10 jou depi sentòm yo kòmanse; epi
- Amelyorasyon nan sentòm

#### **SENTÒM GRAV**

#### **(KI MANDE POU ENTÈNE LOPITAL)**

- Anplwaye an sipoze wè ak yon ekspè nan maladi enfektye
- Izole jiska 20 jou

#### **SAN SENTÒM**

- Omwen 10 jou depi dat premye tès COVID-19 pozitif; epi
- Okenn sentòm pa devlope annapre sa

Anplwayè yo **PA SIPOZE EGZIJE YON REZILTA TÈS COVID-19 OSWA YON NÒT FOUNISÈ SWEN SANTE** pou anplwaye ki malad yo bay prèv maladi yo, kalifye pou konje maladi oswa tounen travay.

\* *Pou jwenn tout detay sou kantite tan karantèn dapre tès oswa devlopman sentòm, vizite [mass.gov/QuarantineTime](https://mass.gov/QuarantineTime)*

Pou jwenn plis enfòmasyon sou karantèn ak izòlman, vizite [mass.gov/isol8](https://mass.gov/isol8)

